

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Salasahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan, nya éta ku ayana métode panalungtikan. Métode mangrupa cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun jeung nganalisis data, dumasar kana tujuan nu hayang dihontal. Métode patali jeung istilah *pendekatan, strategi, sarta teknik*.

Métode dina panalungtikan kabagi dua, nya éta métode kuantitatif jeung métode kualitatif. Sugiyono (2011, kc.7-8) ngabédakeun éta dua métode saperti kieu: 1) métode kuantitatif nya éta métode anu data panalungtikanana mangrupa angka-angka sarta analisisna ngagunakeun statistik; sedengkeun 2) métode kualitatif nya éta métode naturalistik, sabab panalungtikanana dumasar kana kondisi alamiah. Numutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Moleong, 2007, kc. 4), métode kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa data tinulis atawa data lisan ti jalma nu ditalungtik. Dina panalungtikan kualitatif sok dipaké ogé istilah déskriptif (Moleong, 2007, kc. 3).

Dumasar éta pedaran, sarta luyu jeung judul panalungtikan tur rumusan masalahna, métode panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ieu métode téh mangrupa istilah anu umum nu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif, diantarana ngajéntrékeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun. Dina ieu panalungtikan, anu didéskripsikeun nya éta sajarah, istilah-istilah, sarta ajén falsafah kasenian penca silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong, Kecamatan Sukasari, Bandung.


Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nya éta anu ngawengku desain panalungtikan, subjék jeung lokasi panalungtikan, ngumpulkeun data, sarta analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Tujuanana nya éta méré gambaran ngeunaan

léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina panalungtikan, ti mimiti tatahar nepi ka nyieun kacindekan jeung laporan. Desain dina ieu panalungtikan nya éta digambarkeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Subjék (Partisipan) jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Subjék Panalungtikan (Partisipan)

Dina kagiatan panalungtikan, kaasup dina panalungtikan kualitatif, subjek panalungtikan mangrupa hal penting dina prosés ngumpulkeun data. Subjék panalungtikan miboga harti sumber informasi atawa sumber data. Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun yén sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.

- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Saupama nilik kana téori di luhur, subjék atawa sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku tiluanana, nya éta paguron penca silat buhun di kabuyutan Gegerkalong, jalma anu patali jeung ieu kabuyutan, sarta dokumén-dokumén boh anu mangrupa gambar, boh simbol-simbol séjénna anu patali jeung penca silat di ieu kabuyutan.

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

- 1) Letak Geografis Kelurahan Gegerkalong


Lokasi ieu panalungtikan nya éta di kabuyutan Gegerkalong anu pernahna di Gegerkalong Girang RT.03/RW.01, Kelurahan Gegerkalong, Kecamatan Sukasari, Bandung. Kelurahan Gegerkalong kaasup bagian Kalér Kota Bandung, anu legana kurang leuwih 167.766 Ha. Wates Kelurahan Gegerkalong, nya éta:

- a) Beulah kalér, watesna Kelurahan Isola, Kecamatan Sukasari;
- b) Beulah wétan, watesna Kelurahan Hegarmanah, Kecamatan Cidadap;
- c) Beulah kidul, watesna Kelurahan Pasteur jeung Kelurahan Cipedes, Kecamatan Sukajadi;
- d) Beulah kulon, watesna Kabupatén Bandung Barat.

Sacara geografis, Kelurahan Gegerkalong kaasup iklim tropis anu hawana $\pm 24^{\circ}\text{C}$.

2) Peta Kelurahan Gegerkalong

Gambar 3.1
Lokasi Panalungtikan



3) Kondisi Sosial Budaya

a) Agama

Dumasar informasi ti kantor Kelurahan Gegerkalong, agama anu diagem ku masarakat Kelurahan Gegerkalong nya éta agama Islam jeung Kristen. Éta hal katitén tina ayana sababaraha wangunan tempat ibadah di ieu kelurahan, saperti Masjid jeung Gereja. Sedengkeun mayoritasna mah nya éta agama Islam.

Mimif Miftahul Huda, 2015

AJÉN FALSAFAH KESENIAN PENCAK SILAT DI PAGURON SILAT BUHUN KABUYUTAN GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI BANDUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b) Sosial Budaya

Kaayaan sosial-budaya masarakat di ieu kelurahan rupa-rupa, ti mimiti nu nyekel kénéh kana budaya tradisional, nepi ka anu geus moderén. Sanajan minoritas, ayana masarakat anu nyekel kénéh kana budaya tradisional, bisa katitén tina ngadegna kabuyutan di ieu kelurahan.

c) Kependudukan

Jumlah penduduk di Kelurahan Gegerkalong nya éta 24.029 urang. Sacara rinci bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.1

Jumlah Penduduk Kelurahan Gegerkalong

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Laki – laki	12.335
2	Perempuan	11.694
Jumlah		24.029

Sumber: Monografi Kelurahan Gegerkalong Taun 2012

d) Pendidikan

Masarakat Kelurahan Gegerkalong tina segi atikan, paling loba lulusan SD. Éta hal bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.2

Jenjang Pendidikan Masarakat Kelurahan Gegerkalong

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah
1.	SD	13.217
2.	SMP	7.481
3.	SMA	1.901
4.	Akademi (D3, Sarjana Muda)	838
5.	Sarjana (S1)	567
6.	Sarjana (S2)	25
Jumlah		24.029

Sumber: Monografi Kelurahan Gegerkalong Taun 2012

e) Pakasaban

Pakasaban masarakat Kelurahan Gegerkalong rupa-rupa. Data lengkepna bisa katitén tina tabel di handap.

Tabel 3.3

Pakasaban Masarakat Kelurahan Gegerkalong

No.	Jenis Mata Pencaharian	Jumlah
1.	Petani	80
2.	Pedagang	1.542
3.	Buruh	974
4.	Pegawai Swasta	4.736
5.	Pegawai Negeri Sipil	2.894
6.	Pedagang	1.542
7.	Pelajar/Mahasiswa	3.299
8.	TNI / ABRI	2.223
9.	Tukang Kayu	975
10.	Pengrajin	1.976
11.	Penjahit	2.974
12.	Dokter	854
13.	Pengusaha	40
Jumlah		24.029

Sumber: Monografi Kelurahan Gegerkalong Taun 2012

f) Basa anu digunakeun

Dumasar informasi ti kantor Kelurahan Gegerkalong, basa anu digunakeun ku masarakatna nya éta mayoritas basa Indonesia jeung basa Sunda. Masarakat anu geus kolot rata-rata ngagunakeun basa Sunda. Sedengkeun barudak ngora, hususna barudak sakola, dina paguneman sapopoéna rata-rata ngagunakeun basa Indonesia.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal penting dina panalungtikan. Ku ayana instrumén panalungtikan, prosés ngumpulkeun data bisa leuwih babari. Instrumén panalungtikan ngawengku sakabéh alat atawa cara anu dipaké pikeun

Mimif Miftahul Huda, 2015

*AJÉN FALSAFAH KESENIAN PENCAK SILAT DI PAGURON SILAT BUHUN KABUYUTAN
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngumpulkeun data nu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta ieu di handap.

- 1) Handphone, mangrupa instumen panalungtikan anu kawilang penting. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, handphone bisa digunakeun pikeun ngarekam nalika wawancara, ngarekam data-data anu aya di lapangan saperti foto, jeung video.
- 2) Kamera digital, digunakeun pikeun ngarekam, boh dina wangun video, boh dina wangun gambar atawa foto.
- 3) Pedoman wawancara, dipaké pikeun nyangking informasi lisan. Dina panalungtikan, penting pisan nu ngaranna pedoman wawancara. Pedoman wawancara kudu aya sangkan dina prosésna bisa lancar saluyu jeung data anu dibutuhkeun, sarta data naon waé anu diperlukeun bisa kakumpulkeun.

Tabél 3.4
Pedoman Wawancara

1. Biodata Informan	
1) Wasta	:
2) Umur	:
3) Pakasaban	:
4) Kalungguhan	:
5) Atikan	:
6) Alamat	:
2. Daftar Patarosan	
1) Naon ari Penca Silat Buhun?	
2) Kumaha sajarah penca silat buhun (iraha, ku saha, kasangtukang/ alesanana)?	
3) Aya teu motto dina ieu penca silat buhun? Pami aya, naon waé	

udaganana?

- 4) Naon waé kagiatanana?
- 5) Naon bédana penca silat buhun baheula jeung ayeuna?
- 6) Naha bet milih penca silat buhun? Naon bédana jeung penca silat nu séjén?
- 7) Kumaha kaayaan kasenian penca silat buhun di Geger Kalong Girang?
- 8) Naon udagan pelatih/pengurus kana ieu kasenian penca silat buhun?
- 9) Kumaha jadwal latihanna? Alesanana?
- 10) Aya teu kriteria husus pikeun calon anggota penca silat buhun?
- 11) Aya tingkatanana henteu dina ieu penca silat buhun? Pami aya naon anu jadi ciri pikeun ngabédakeunana?
- 12) Kumaha métode dina ngalatih/cara ngawariskeun ieu penca silat buhun ka murid?
- 13) Gerakan atawa jurus naon waé anu dipaké? Aya sabaraha jurus?
- 14) Pakéan nu kumaha nu dipaké dina penca silat buhun? Alesanana?
- 15) Naon waé properti atawa pakarang anu digunakeun dina penca silat buhun? Alesanana?
- 16) Naon waé waditra anu digunakeun dina kasenian penca silat buhun?
- 17) Naha kudu aya sinden (juru sekar) atawa henteu dina ieu penca silat buhun?
- 18) Biasana sok aya kidung atanapi henteu nalika minton? Lagu naon waé biasana?
- 19) Kumaha pangrojong ti para sepuhna?
- 20) Kumaha respon ti masarakat, hususna masarakat sabudeureun paguron?

3. Patarosan Tambahan pikeun Murid

- 1) Tos sabaraha lami ngiringan penca silat? Naon tujuan sareng alesanana ngiring penca silat?

- 2) Terang teu ieu téh penca silat naon?
- 3) Aya mangpaatna teu ngiringan penca silat?
- 4) Ari sepuh ngarojong henteu hidep ngiringan ieu penca silat?
- 5) Ngaganggu henteu kana kagiatan sakola?
- 6) Salila ieu tos kénéng prestasi naon waé sareng tos tiasa naon waé?

Tabel 3.5
Data Informan

No.	Wasta	Umur	Padumukan	Kalungguhan	Atikan
1.	Yusuf Bachtiar	54	Gegerkalong Girang 03/01	Pupuhu Kabuyutan	S3
2.	Oman Rusmana	58	Gegerkalong Girang	Sesepuh Kabuyutan	
3.	Risyad Erawan Harjani	38	Jl. Saad No.16	Pelatih Maenpo	
4.	Yaya	41	Gegerkalong Girang 05/06, kel.Isola	Pelatih Ibing Penca	SD
5.	Tedi Kusnadi	30	Gegerkalong Girang 05/06, kel. Isola	Pelatih Ibing Penca	SMA
6.	Tri Mulyono	34	Gegersuni III	Pelatih Maenpo	SMA

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan kualitatif sipatna tentatif, sabab ditangtukeun ku kontéks masalah jeung gambaran data anu dibutuhkeun. Dina tahap ngumpulkeun data, panalungtik ngayakeun survey ngeunaan objek panalungtikan salaku tahap awal dina prosés panalungtikan. Sedengkeun téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi

Mimif Miftahul Huda, 2015

*AJÉN FALSAFAH KESENIAN PENCAK SILAT DI PAGURON SILAT BUHUN KABUYUTAN
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lapangan (observasi), téhnik wawancara, jeung studi dokumentasi anu ngawengku buku (majalah), catetan sms/facebook, jeung catetan hasil wawancara.

Obervasi mangrupa hal penting dina panalungtikan kualitatif déskriptif. Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 93-94) nétélakeun yén observasi nya éta métode atawa cara nganalisis sarta nyatet hal-hal anu aya di lapangan, ku cara ningali jeung nengetan objék panalungtikan sacara langsung sangkan panalungtik meunang gambaran ngeunaan kaayaan di lapangan. Wawancara jeung studi dokumentasi dilakukeun lamun observasi geus dianggap cukup.

3.4 Analisis Data

Dina ngolah data dipaké téhnik analisis. Analisis data mangrupa usaha (prosés) dina milih tur ngelompokkeun data. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa jeung ngaidéntifikasi data anu geus dikumpulkeun.
- 2) Ngadéskrripsikeun jeung nganalisis data dumasar kana kaayaanana.
- 3) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.
- 4) Konsultasi ka dosén pembimbing.